



Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics Test, Book 3
March 5–9, 2007

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 3

Ane **4**

5–9 mas 2007

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:


- Asire ou li tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an avèk atansyon.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

40

Yon magazen gen 50 chemiz ki sanble ak sa ki endike anba a.



Gen 7 bouton nan chak chemiz. Ki kantite bouton total ki genyen nan tout 50 chemiz yo?

Montre travay ou.

Repons _____ bouton

Kontinye

41

Mesye Lester li pwoblèm matematik ki anba a awotvwa.

De fwa kat fwa sis egal ki nonb?

Pati A

Julian ekri pwoblèm Mesye Lester a fason sa a.

$$(2 \times 4) \times 6 = ?$$

Ranpli espas vid nan fraz nimerik Julian ki anba a pou montre pwochen etap ki nesèsè pou rezoud pwoblèm matematik la.

$$(2 \times 4) \times 6 = ?$$

$$\underline{\hspace{2cm}} \times 6 = \underline{\hspace{2cm}}$$

Pati B

Kiana ekri pwoblèm Mesye Lester a fason sa.

$$2 \times (4 \times 6) = ?$$


Ranpli espas vid nan fraz nimerik Kiana ki anba a pou montre pwochen etap ki nesèsè pou rezoud pwoblèm matematik la.

$$2 \times (4 \times 6) = ?$$

$$2 \times \underline{\hspace{2cm}} = \underline{\hspace{2cm}}$$

42

Eric trase yon poligòn sou yon papye kadriye. Figi ki anba a montre 4 kote poligòn Eric la.



Pati A

Konplete poligòn Eric la. Pou fè sa, trase 2 lòt sègman dwat sou griy ki anwo a.

Pati B

Kouman rele poligòn ki konplete a?

Repons _____

Kontinje

43

Mesye Perez pral achte manje pou yon fèt lekòl. Li bezwen achte 64 bwat ji. Ji a vann an pake ki gen 4 bwat nan chak pake. Mesye Perez sèvi ak fraz nimerik anba a pou jwenn kantite pake li ta dwe achte.

$$64 \div 4 = \square$$

Pati A

Ki nonb ki dwe nan kaz la pou fè fraz nimerik la kòrèk?

Repons _____

Pati B

Mesye Perez ap achte 10 pake bonbon. Chak pake gen 12 bonbon. Ekri yon fraz nimerik ki jwenn kantite total bonbon Mesye Perez ap achte. Sèvi ak nonb 10 ak 12 nan fraz nimerik ou.

Fraz nimerik _____

44

Juanita ap achte yon etajè liv pou chanm li. Li mezire lajè etajè liv la. Lajè a se 2 pye 10 pous. Ki lajè etajè liv la an pous?

Montre travay ou.

Repons _____ pous

45

Jane, Mark, ak Veronica ap jwe yon jwèt pou devine chif.

Chif Jane nan 1.200 pi gran pase chif Mark la.

Chif Mark la 3.000 pi piti pase chif Veronica.

Chif Veronica se 4.500.

Ki chif Jane nan?

Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

46 Tony achte atik boza ki koute \$19,31. Li ba kesye a \$20,00.

Pati A

Konbyen lajan Tony resevwa an monnen?

Repons \$ _____

Pati B

Ranpli tablo anba a pou montre kantite ki genyen nan chak kalite pyès monnen Tony ta resevwa si li te resevwa **mwens** pyès monnen posib.

MONNEN TONY

Kalite monnen	Kantite pyès monnen
Peni	
Pyès senk santim	
Dis santim	
25 santim	

47 Mesye Muli plante leti ak kawòt nan jaden li.

Pati A

Mesye Muli gen 9 ranje leti nan jaden li. Chak ranje gen 12 pye leti.
Ki kantite total pye leti ki nan jaden Mesye Muli?

Repons _____ pye leti

Pati B

Mesye Muli plante yon total 42 kawòt an 3 ranje nan jaden li. Li plante
yon kantite egal pye kawòt nan chak ranje. Konbyen pye kawòt Mesye Muli
plante nan chak ranje?

Montre travay ou.

Repons _____ pye kawòt

Kontinye

48

Elèv nan klas Mesye Martin vote sou sijè pou penti panno klas yo. Rezilta yo prezante nan tablo ki anba a.


SIJÈ PENTI PANNÒ KLAS

Sijè	Kantite Vòt
Bèt kay	8
Kat Jeyografik	5
Espò	7
Liv	3

Sou griy ki anba a, make yon graf an ba pou montre konbyen elèv ki vote pou chak sijè.

Asire ou

- mete tit nan graf la
- mete lejann sou toulède aks yo
- bay yon echèl pou graf la
- sèvi ak tout enfòmasyon yo nan graf la



RETE LA

Place Student Label Here



Ane 4
Egzamen Matematik
Liv 3
5–9 mas 2007

Grade 4
Mathematics Test
Book 3
March 5–9, 2007

The McGraw-Hill Companies
